Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 32 (6719) 27 июль 2020 с. Итни ЗулхIижа 1441 с. Багьа - эркенаб



БАРКИ

## Баркула Дагъистаналъул Конституциялъул къо

### Дагъистаналъул халкъазул байрам

**26 июль ккола Дагъистаналъул Конституциялъул къо. Гьеб байрам щибаб соналъ кIодо гьабула тIолабго Дагъистаналъул халкъаз.**

1994 соналда къабул гьабураб цIияб Конституциялъ къучI лъуна демократия ва жакъасеб экономика цебетIеялъе. Гьеб къабул гьабуралдаса араб 26 соналда жаниб демократиял къучIал щула гьариялъул рахъ республикаялда гIемерго цебетIуна. Конституциялъ квербакъана гражданияб обществоялъул ихтияразулаб пачалихъалъул законал тасдикъ гьариялъул, гIемер миллатазулаб Россиялда гъорлъ гIелаз гIелазухъе къун цебегоялдаса нахъе цIунун бугеб нилъер республикаялъул цолъи ва гъудулъи щула гьабиялъе, рекъел цIуниялъе.

Конституциялъ Дагъистаналъул гражданазе къун руго гIатIидал ихтиярал, гьелдаго цадахъ тIадаблъун гьабун буго Конституция, законал, гьезул къучIалда къабул гьарурал нормативиял актал ва цогидалги нормаби цIунизе.

Жакъа республикаялъул Конституциялда рекъон, нилъеда церечIун руго щибаб хъизаналъул гIумруялъул даража борхизабиялда, пачалихъалда ва обществоялда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хъинтIулел гIемерал социалиялгун экономикияв суалал тIуразариялъул масъалаби.

РакIчIараб буго районалъул гIадамазги, РФялъул халкъазулгун гъудулъи ва цолъи щула гьабулаго, социалияб ахIвал -хIал лъикIлъизабиялъулъ лъикIал хIасилал росизе рукIиналда.

Киналго районцоязда ракIракIалъ баркула ДРялъул Конституциялъул къо. Гьарула щулияб сахлъи, талихI-рохел, рекъел, Дагъистан ва район цебетIезабиялъе гIоло гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**МельелтIа, Гъоркь Инхо ва ТIад Инхо росабазул школал хинлъизариялъул суалал**

2 гьум.



**Гитлерилаздаса ватIан эркен гьабурав**

2 гьум.



**ХIассан ГIалихIажиев: «Химиялъул ва обществознаниялъул ЕГЭ кьуна, гIадлунизам хвезабиялъул хIужа ккечIого»**

3 гьум.



**Лъималазул байдан балеб буго**

3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## «Щибаб лъимералъул икъбал»

### Ингишо росулъ спорткомплекс цIигьабулеб буго

**«Щибаб лъимералъул икъбал» республикаялъул проекталда рекъон, Бакълъулазул районалъул Ингишо гьоркьохъеб школалъул спорткомплексалда унел руго ремонталъулал хIалтIаби.**

Спорткомплекс къачIаялъул хIалтIаби гьарулел руго подрядчикияб «Стройком» ОООялъ. Гьеб гIуцIиялъул нухмалъулев АхIмад МухIамадовас абуна къотIикъаялда рихьизарурал пункталги мухIканго тIуразарун, болжалалда хIалтIизабизе кьезе бугин гьеб объект. Гьениб тIох, гIодочIабар хисулеб буго, гьарулел руго бараб бакI цIи гьабун къачIаялъул цогидал хIалтIаби.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас абуна спортзал ремонт гьабизе ккараб хIалалда цебего букIанин, ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ гIумруялде бахъинабулеб бугеб «Щибаб



лъимералъул икъбал» абураб регионалияб проекталда рекъон ремонт гьабун хадуб гьеб объект тIалабазе ва стандартазе жаваб кьоледухъ лъугьине бугин. Ингишдерил рахъалдасан Халидовас баркала загьир гьабуна Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе, вице-премьер – ДРялъул лъайкьеялъул ваг Iелмуялъул министр Уммупазиль ГIумаровалъе, Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе гьеб проекталда гIахьаллъизе рес кьуралъухъ.

«ГIолеб гIел физическияб рахъалъ лъадараллъун, сахлъи бугеллъун гIезариялъе, лъималазе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьеялъе, цIалдохъаби кинабго рахъалъ церетIураллъун гIун рачIиналъе спорталъе шартIал чIезариялъул кIудияб кIвар буго. Капиталияб ремонт гьабураб мехалда Ингишо гьоркьохъеб школалъул спортивияб залалдаги санагIатал шартIал рукIина. Гьенир тIоритIула физкультураялъул дарсал, школалъул ва районалъул олимпиадаби, спортивиял къецал, линейкаби, конференциял ва цогидалги тадбирал. «Щибаб лъимералъе икъбал» проект росабалъ гIумруялде бахъинабиялъ кIудияб кIваралъул тадбир ккола. Баркала цоги нухалъ загьир гьабула Владимир Васильевасе, Уммупазиль ГIумаровалъе, ХIажимурад МухIамадовасе. Ингишоб спортзал къачIай лъикIаб сайгъат ккола мугIалимазе, цIалдохъабазе, гьезул умумузе»,-ян абуна Хайрудин Халидовас.

**Гумбет РИО**

ДИР ДАГЪИСТАН

## Бетон тIолеб буго

### ЦIияб Аргъвани росулъ къватI къачIалеб буго

**Бакълъулазул районалъул ЦIияб Аргъвани росулъ М. Сайпилаевасул цIаралда бугеб къватIалъе ремонт гьабиялъул хIалтIи рагIалде бахъунеб буго. Гьеб нухда бетон тIолеб, щулалъиялъе къедал гьарулел руго. КъватIалъе ремонт гьабулеб буго «Дир Дагъистан – дир нухал» проекталда рекъон.**

Транспорт хьвадизе санагIалъи бугеб хIалалъ лъикI къачIалеб буго гьеб къватI. Ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго тендер бергьараб подрядчикияб гIуцIи «Дорспецстрой» ОООялъ.

Бакълъулазул районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас баян кьуна «Дир Дагъистан – дир нухал» проекталда рекъон, 2020 соналъ районалъул росабалъ нухал 7.602.430 гъурущалде къачIазе ругин.

ТIолалго бакълъулазул рахъалдасан «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе ва ДРялъул минтрансалъул нухмалъулев Ширухан ХIажимурадовасе баркала кьолеб буго «Дир Дагъистан – дир нухал» проект гIумруялде бахъинабуралъухъ ва муниципалитеталде кIвар буссинабуралъухъ.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## МелъелтIа, Гъоркь Инхо ва ТIад Инхо росабазул школал хинлъизариялъул суалал

### Бакълъулазул районалъул школазда хинлъи чIезабиялъе – 9 миллионалдаса цIикIкIун гъурущ

**20 июлалда районалъул администрациялда тIобитIана, лъайкьеялъул учреждениял 2020-2021 цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул суалги гьоркьоб лъун, данделъи.**

рачIиналъул программаялда. Гьеб проект гIумруялде бахъинабизе Чалаби Бекмирзаевасул цIар кьураб МелъелтIа гьоркьохъеб школалъе 4 млн гъурущ, Инхоса ГIали -хIажиясул



Хасаб кIвар буссинабуна школазда хасало хинлъи чIезабиялъул суалалде. Гьеб мурадалъе биччан буго 9 миллионалдаса цIикIкIун гъурущ. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Данделъиялда гIахьаллъана учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, администрациялъул хIалтIухъаби ва цогидалги.

Районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас бицана муниципалитеталъул лъайкьеялъул учреждениязда федералиял ва регионалиял программаби гIумруялде рахъинариялъул бугеб хIал. «2020 соналъ лъабго школа гIахьаллъулеб буго, Роспотребнадзоралъул ва цогидалги ведомствабазул тIалабазда рекъон, гьаваялъулабгун хинлъиялъулаб режималде (воздушно-тепловой режим)

цIар кьураб ТIад Инхо гьоркьохъеб школалъе 2,4 млн ва Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалъе 2,8 млн гъурущ щвезе буго.

«Нусго школа» конкурсалда гIахьаллъизе гьаб соналъ бергьана ЧIиркъатIа гьоркьохъеб, ЧIикь ва Кунзахъ аслиял школал. Лъайкьеялъул бутIаялда проектал гIумруялде рахъинаруралъухъ баркала загьир гьабула Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе ва Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе»,-ян абуна Рамазан МухIамадовас.

Данделъиялъул ахиралда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас щибаб бутIаялда хIасилал лъикIал росиялъе тадбирал гьареян, киналго объектазда хIалтIи жиндир заманалда лъугIизареян, муниципалитеталда лъайкьей ва гIумруялъул даража борхизабиялъе хIалтIи лъикI гIуцIеян тIадкъаял кьуна.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

## «Дур кьурабаз куцана…»

### ХIамзат ГIизудинов гIахьаллъана авар адабияталъул секциялъул данделъиялда

**«Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член, халкъияв шагIир Юсуп Хаппалаевасул цIаралда бугеб премиялъул лауреат ХIамзат ГIизудиновас гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул авар адабияталъул секциялъул данделъиялда.**

Тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, литератураяб «Гъудуллъи» журналалъул редактор, ДРялъул хъвадарухъабазул Союзалъул авар секциялъе нухмалъулев МухIамад ПатахIов ва цогидалги.



ХIамзат ГIизудиновас баян гьабуна 2020 соналда Дагъистаналъул классиказул ва гьанжесел машгъурал рагIул устарзабазул юбилеял ругилан.

«Аваразул секциялда шагIираз, хъвадарухъабаз, драматургаз, публицистаз цIалана жидерго цIиял асарал.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## КIиго къватI цIигьабулеб буго

### ЧIиркъатIаги гIумруялде бахъинабулеб буго «Дир Дагъистан – дир нухал» проект

**Проекталда рекъон Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ кIиго къватIалъе ремонт гьабулеб буго. Гьел руго АхIмад Афанди ГIабдулаевасул ва МухIамад Сабуевасул цIарал кьурал.**

ЖамгIияй хIаракатчIужу, авар мацIалъул мугIалим Алписат МухIамадовалъ, чIиркъдерил рахъалдасан баркала загьир гьабуна «Дир Дагъистан – дир нухал» проект гIумруялде бахъинабуралъухъ районалъул ва республикаялъул нухмалъиялъе.

«Росабалъ жанисел, росабазда гьоркьосел нухал, транспорт хьвадулел киналго мухьал къачIаялда, цIи гьариялда битIахъего бараб буго гIадамазул яшав лъикIлъи.



ЧIиркъатIа росулъе гIемер рачIуна туристал, гьениб хIалтIулеб буго гьалбадерил рукъ, буго ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб республикаялъул миллияб музеялъул филиал. СанагIатал нухал чIиркъдерие гуребги лъикIаб сайгъатлъун букIина туристазеги, сапаралъ рачIине гьезул гьира балеблъунги. ЧIиркъатIаги гьеб проект гIумруялде бахъинабуралъухъ республикаялъулги районалъулги нухмалъулезеги баркала буго»,-ян абуна Алписат МухIамадовалъ.

**«Гумбет» РИО**

2020 – РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ ВА РЕЦЦАЛЪУЛ СОН

## Гитлериладздаса ватIан эркен гьабурав

### ЦIиликьа МахIахIажияв ЗайнулгIабидов

**Бакълъулазул районалъул ЦIиликь росулъ 1914 соналъ гьавуна МахIахIажияв ЗайнулгIабидов. Армиялда тIадаб хъулухъ гьабизе ахIана 1940 соналъул тIоцебесеб февралалда. Гьанисанго ана КIудияб ВатIанияб рагъде. Старшина ЗайнулгIабидов бахIарчилъи бихьизабун вагъана гитлерилазда данде. МустахIикълъана «БагIараб цIва» орденалъе, «БахIарчилъиялъе гIоло» медалалъе.**

Рагъдаса тIад вуссун хадув, гIагараб росдал колхозалъул парторганизациялъул секретарьлъун, росдал Советалъул председательлъун, колхозалъул складалда хIалтIана. Гьес ва лъади РахIматбикаца гIезабуна щуго лъимер.



ГIумруялдаса ватIалъана 1975 соналъ.

**ГIазра Абубакарова, ЦIиликь росдал библиотекаялъул нухмалъулей**

МАЦI БИЛИЗЕ ТАНИ, БИЛУЛА МИЛЛАТ

## ЧIиркъатIаса цIалдохъаби – Дагъистаналда бищун лъикIал

### МацI, тарих ва маданият цIунулел руго

**Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ кIудияб кIвар буссинабун буго Дагъистаналъул некIсиял гIадатал, мугIрул ракьалъул рухIияб ирс ва рахьдал мацI цIуниялде.**

ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъан СалихIат Ибрагьимхановалъ бергьенлъи босана 2020 соналъ тIобитIараб миллиябгун регионалияб компоненталъул предметазул рахъалъ олимпиадаялъул республикаялъул этапалда. Гьебго школалъул 9 классалъул цIалдохъан Марият СалихIова яхъана авар мацIалъул регионалияб олимпиадаялъул гIарцулай призерлъун.

ЧIиркъатIа буго гьалбадерил некIсиял рукъ, республикаялъулаб музеялъул филиал, XIX гIасруялда гьеб букIана




имаматалъул тахшагьарлъун. ЧIиркъатIа гIезабула ахбазан, микьир, цIибил, цебетIун буго ахихъанлъи, хурухъанлъи. ЧIиркъдерица хьихьула чIегIерхIайванал ва гIи-цIани.

Цересел гIасрабаз росдал ракьалда промышленнияб мурадалъе бахъулаан чIабатI.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ...

# ХIассан ГIалихIажиев: «Химиялъул ва обществознаниялъул ЕГЭ кьуна, гIадлу-низам хвезабиялъул хIужа ккечIого»

### ХутIарал экзаменал – цоги районазда ва шагьаразда

**Гьал къояз химиялъул ва обществознаниялъул цогоял пачалихъиял экзаменал кьуна Бакълъулазул районалда. Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директор, Бакълъулазул районалъул ЕГЭ къабул гьариялъул пунктальул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас бицана муниципалитеталда обществознаниялъул ва химиялъул экзаменал гIадлу-низам хвезабиялъул хIужаби ккечIого, COVID-19-ялдаса цIуниялъул рахъалъ Роспотребнадзоралъул тIалабалги тIуран, федералиял стандартал, РФялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул, Россиялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъул ва цогидалги ведомствабазул рихьизариялги гIумруялде рахъинарун анин.**



Районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул аслияв махщалилав Сурхай Сурхаевас баян гьабуна ЕГЭ кьей районалда низамалда анилан. «ЕГЭ тIобитIулеб пункталде рачIана пачалихъияб экзаменационнияб комиссиялъул кIиго член ва федералияб хъаравуллъиялъул кIигоял. Экзаменал кьолеб пункталда гIуцIана хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул киналго тадбирал. Выпускникал руккел гьабун аскIор течIо. Азбаралда 1,5 метр гьоркьобги тун, гьел чIезе бакI хIадурун букIана. Пункталда жанире лъугьинелде ЕГЭ кьолезул температура боцана районалъул поликлиникаялъул лъималазул тохтур Марям Жанахъаевалъ. ЧIезаруна медицинаялъул маскаби ва цогидабги Роспотребнадзоралъул тIалабазда рекъон»,-ян бицана Сурхай Сурхаевас.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго лъайкьеялъул суалазде, жиндирго хасаб бербалагьиялда тола гьел. ЕГЭ кьеделде районалъул администрациялъ къабул гьариялъул пункталде кьуна дезинфекция гьабулел лъамалъаби ва инфекциялдаса цIуниялъе цогидалги сурсатал. Экзаменал къабул гьариялъул пункталда хIинкъи гьечIолъи цIунизе рачIун рукIана Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул хIалтIухъаби.

**«Гумбет» РИО**

ДИР ДАГЪИСТАН

# Ингишоб къотIнобе бетон тIезе буго

### Гьабсагlат нухлул ракьанда къадал ралел руго

**«Дир Дагъистан – дир нухал» проекталда рекъон, Ингишо росулъ ремонт гьабулеб буго ХIажимурад МухIамадовасул цIар кьураб къватIалъе. Гьеб хIалтIи тIубазабулеб буго тендер бергьараб «ВЕКТА-С» ОООялъ.**

Бакълъулазул районалъул васул цIаралда бугеб къватIалъе ремонт гьабиялъ автотранспорт кквалквал гьечIого хьвадизе рес кьезе буго, Ингишо росдал гьумер лъикIаб рахъалдехун хисизе буго. Нухде бетон тIезе, нух щулалъизе къедал гьаризе руго. Ингишдерица баркала загьир гьабулеб



администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас бицана Ингишо росулъ ХIажимурад МухIамадовасул цIар кьураб къватI къачIай киналго къагIидабиги цIунун, графикалда рекъон унеб бугин. Объект лъугIизабизе буго бихьизабураб болжалалда ва качествалда.

«ХIажимурад МухIамадовасул цIаралда бугеб къватIалъе ремонт гьабиялъ ... буго «Дир Дагъистан-дир нухал» проекталда гIахьаллъизе рес кьуралъухъ республикаялъул ва муниципалияб нухмалъиялъе. Гьебго программаялда рекъон араб соналъ ремонт гьабун букIана централияб къватIалъеги. Гьаб соналъ гьединго ремонт гьабизе буго гьоркьохъеб школалъул спорткомплексалъеги», -ян абуна Хайрудин Халидовас.

**«Гумбет» РИО**

# «Дур кьурабаз куцана...»

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

Гьединго бицана 2020 сон маданиял хIаракатчагIазул юилеяздалъун бечедаб букIин. Гьаб соналъ 175 сон тIубала адабияталъул классик, шагIир, гIалим Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса, 65 сон тIубала Дагъистаналъул халкъияв поэт МухIамад АхIмадовас.

КIудияб кIвар буго лъималазулъ тIахьазде рокьи бижизабиялъул, гьезие лъикIаб тарбия кьеялъул, киналго рахъалъ церетIуралллъун, физическияб лъадари бугеллъун, рухIияб щулалъи щвараллъун гIезариялъул. Литератураялъ инсан гIакълу бугевлъун, вацIцIадавлъун, гвангъаравлъун лъугьинавула. ГIакъилаб тIехьалъулгун гьудуллъи ккуни, лъимал хвасарлъула квешабщиналдаса»,-ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

«Дур ганчIаз дарсал кьуна,
Дур мугIруз чаран лъуна,
Дур лъараз гIумру лъана,
Дур кьурабаз куцана», –

абун хъвалеб буго ХIамзат ГIизудиновас Дагъистаналъе сайгъат гьабураб цIияб цо асаралда.

**«Гумбет» РИО**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР...

# Школа лъугIун 40 соналдасан дандчIвай

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа тIобитIана гьеб росдал гьоркьохъеб школа 1980 соналъ лъугIарал классцоязул дандчIвай. Москваялда олимпиада тIобитIараб сон букIана гьеб. (40 сон цебеккун).**

Цебеккунго хIадурараб планалда рекъон гIуцIана классцояз дандчIвай. Гьел щвана МелъелтIа гьоркьохъеб школалде, дандчIвана жидеего лъай кьурал мугIалимзабигун. ГъветI чIана выпускниказул аллеялда, школалъул ракIалде щвеялъул тIехьалда хъвай-хъвагIай гьабуна. ГIагараб школалъе сайгъат гьабуна видеопроектор ва интерактивнияб доска. Классцоязул кьокъа ана жидерго классалъе нухмалъулейлъун йикIарай мугIалим МухIамадова ПатIимат Каримовналъухъе гьелъул рокъоре.



РакIалде щвеялъул ва реццалъул 2020 абилеб соналъул хIурматалда классцояз хIадурун бугоан тIугьдузул гор, гьеб лъуна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIурматалда райцентралда бараб памятникалда цебе. Хадурккунги тадбирал гIуцIана гьез жидерго програмаялда рекъон.

ДандчIваялда гIахьаллъана Москваялда, Санкт-Петербургалда ва цогидалги регионазда хIалтIулел ругел классцоялги.

**Набигула АхIмадибиров**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ...

# Лъималазул байдан балеб буго

### ЦIиликь парк къачIан лъугIулеб буго

Бакълъулазул районалъул ЦIиликь росулъ паркалъулаб зона къачIаялъул хIалтIаби ахиралде щолел руго. ДРялъул бетIер Владимир Васильевасул хIаракаталда цере лъурал ва гьес лъикIаллъун рикIкIарал программабазул цояб –«Дир Дагъистан-санагIатал шагьаралъулал шартIал» проекталда рекъон гьабулеб бакI буго гьеб.



«Асстрой» ООО подряднияб организациялъул нухмалъулев МуртазагIали Тутумилаевас баян гьабуна гьеб объекталда ахирисел хIалтIаби тIуразарулел ругилан. «Нижер росдал гIадамазул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабула Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе ва Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе «Дир Дагъистан-санагIатал шагьаралъулал шартIал» проекталда гIахьаллъизе рес кьуралъухъ. Паркалда лъималазул байдан гьабун лъугIулеб буго. Нижер лъимал рохизаруралъухъ баркала буго . МагIарухъ яшав гьабун ругез шагьарал хьезарун руго экологиялъул рахъалъ рацIцIадал росдал магIишаталъул нигIматаздалъун»,-ян абуна «Сельсовет "Цилитлинский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер ГIалихан ДавудхIажиевас.

Дагьай цеегIан гьеб объекталде щвана «Дир Дагъистан – санагIатал шагьаралулал шартIал» пректалъул жамгIияй координатор Рукъият АхIмадова ва гьенир гьарурал хIалтIабазе лъикIаб къимат кьуна.

**«Гумбет» РИО**

ВАШИ ПРАВА

# Документация по охране труда в организациях

**Документация по охране труда такая же обширная и разнообразная, как и сама деятельность по охране труда в организации. Ведение документации по охране труда является обязательным и важным. Из всего разнообразия документов, можно выделить несколько основных типов документации по охране труда, которая должна вестись в организации.**

**Основные типы документов по охране труда в организации:**

• Локальные нормативные акты работодателя, связанные с вопросами охраны труда и безопасности производства. Эти акты устанавливают организационно-управленческие правила соблюдения работниками (и тем самым – соблюдение работодателем) государственных нормативных требований охраны труда.

• Различные документы, фиксирующие деятельность работников (и тем самым – деятельность работодателя) по соблюдению требований локальных нормативных актов, государственных нормативных требований охраны труда и пр. К такой документации следует отнести и результаты специальной оценки условий труда (СОУТ).

•Важнейшие документы охраны труда – материалы расследования несчастных случаев на производстве и профессиональных заболеваний.

• Письма и предписания органов власти, надзора и контроля и т.п.

• Документы, содержащие государственные нормативные требования охраны труда.

• Документы, содержащие требования к правильной эксплуатации того или иного оборудования, безопасному использованию инструмента, сведения об опасности материалов, сертификаты соответствия и т.п. «внешние» документы.

• Документы официальной статистической отчетности работодателя перед органами государственной власти.

• Документы внутренней отчетности подразделений перед управлением, управления перед собственником (учредителем).

• Прочие, не относящиеся к перечисленным выше, документы по охране труда.

**Организация документооборота по охране труда в организации**

Согласно требованиям всех современных систем управления работодатель должен разрабатывать и обеспечивать ведение документации (на бумажных носителях или в электронном виде), в которой устанавливаются и описываются все основные процедуры управления охраной труда в их взаимодействии.

Делопроизводство по охране труда организуется в рамках общего порядка по документообороту у данного работодателя и осуществляется в соответствии с этим установленным порядком с учетом специфики работы по охране труда.

**Перечень необходимых документов по охране труда в организации**

Приказы:

• Приказ об организации работы по охране и обеспечению безопасных условий труда.

• Приказ о создании службы охраны труда (для работодателя, численность штата работников которого превышает 50 человек), введении должности специалиста по охране труда или договор о передаче функций по охране труда на аутсорсинг.

• Приказ о создании комитета (комиссии) по охране труда.

• Приказ о назначении лиц, ответственных за безопасную эксплуатацию оборудования и установок.

• Приказ о назначении лиц, ответственных за проведение работ с повышенной опасностью.

• Приказ о назначении лица, ответственного за электрохозяйство.

•Приказ о назначении лица, ответственного за пожарную безопасность.

• Приказ о назначении лиц, ответственных за техническую эксплуатацию зданий и сооружений.

• Приказ о назначении лица, ответственного за газовое хозяйство.

• Приказ о разработке инструкций по охране труда и назначении лиц, ответственных за их разработку.

• Приказ об утверждении инструкций по охране труда.

• Приказ о продлении срока действия инструкций или пересмотре инструкций по охране труда.

• Приказ об утверждении инструкций о мерах пожарной безопасности и плана действий на случай возникновения пожара.

• Приказ о порядке присвоения I группы по электробезопасности неэлектротехническому персоналу организации.

• Приказ о создании комиссии по специальной оценке условий труда.

• Приказ о проведении обучения и проверке знаний по охране труда работников.

• Приказы по созданию комиссий по проверке знаний требований охраны труда и безопасных методов труда.

Перечни и списки:

• Перечень действующих инструкций по охране труда (по профессиям, должностям и видам работ).

• Перечень профессий и должностей работников, освобожденных от прохождения инструктажа на рабочем месте.

• Перечень профессий и должностей работников из числа неэлектротехнического персонала, которым необходимо присвоение I группы по электробезопасности.

• Перечень профессий и должностей электротехнического персонала, которому необходимо иметь группу по электробезопасности не ниже II (ответственный за электрохозяйство, инженер-электрик, электромонтёр по ремонту и обслуживанию электрооборудования и т.д.).

• Перечень работ с повышенной опасностью.

•Перечень рабочих мест с вредными и (или) опасными условиями труда.

•Перечень профессий и должностей работников, которым полагается бесплатная специальная одежда, обувь и другие средства индивидуальной защиты (с указанием вида средств, нормы их выдачи, сроков носки).

• Перечень профессий и должностей работников, которым полагается бесплатная выдача смывающих (обезвреживающих) средств.

• Список контингента и поименный список работников, которые обязаны проходить предварительный и периодический медицинские осмотры (обследования).

**Прочие документы:**

• Правила внутреннего трудового распорядка организации.

• Должностные инструкции работников (в том числе, с указанием их обязанностей по охране труда) согласно штатному расписанию.

• Положение об организации работы по охране труда.

• Программа вводного инструктажа по охране труда.

• Программы проведения инструктажа по охране труда на рабочем месте для профессий, должностей и видов работ.

• Инструкции по охране труда для профессий, должностей и видов работ.

• Инструкция о мерах пожарной безопасности в организации.

• Программа проведения инструктажа с неэлектротехническим персоналом организации для присвоения I группы по электробезопасности.

• Программы обучения мерам пожарной безопасности работников организации.

• Программы обучения по охране труда для профессий, должностей и видов работ.

• График проведения проверки знаний по результатам обучения по охране труда.

• Удостоверения о проверке знаний требований охраны труда работников и протоколы проверки знаний по охране труда.

• Удостоверения о проверке знаний норм и правил работы на электроустановках (для электротехнического персонала – например, для ответственного за электрохозяйство, инженера-электрика, электромонтера по ремонту и обслуживанию электрооборудования и пр.).

• Удостоверения о проверке знаний пожарно-технического минимума.

• Акты о расследовании несчастных случаев и профессиональных заболеваний, материалы расследований.

•Личные карточки учета выдачи спецодежды, спецобуви и других средств индивидуальной защиты.

•Личные карточки учета выдачи смывающих (обезвреживающих) средств.

•График проведения периодических медицинских осмотров.

• Заключительные акты по итогам медицинских осмотров.

• Документация по специальной оценке условий труда.

• График проведения контроля за состоянием охраны труда

• Комплект нормативных правовых актов, содержащих требования охраны труда в соответствии со спецификой деятельности организации.

Журналы:

• Журнал регистрации вводного инструктажа по охране труда.

• Журнал регистрации инструктажа на рабочем месте.

• Журнал регистрации несчастных случаев.

• Журнал учета инструкций по охране труда.

• Журнал учета выдачи инструкций по охране труда.

• Журнал учета инструктажей по пожарной безопасности.

• Журнал учета присвоения I группы по электробезопасности неэлектротехническому персоналу.

• Журнал регистрации работ по охране труда.

• Коллективный договор.

* Перечень необходимых документов по охране труда является примерным и должен уточняться в зависимости от специфики и видов хозяйственной деятельности организации, штатной численности работников и иных факторов.

**Раисат Ахмедова,**
**специалист по охране труда ЦЗН Гумбетовского района**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Утерянный Государственный сертификат на материнский (семейный) капитал, серия МК-3, №1091932, на имя Абдурахмановой Нурьян Газимагомедовны, считать недействительным**

# Дагестан приступил к реализации проекта «Билет в будущее»

**Минобрнауки РД сообщает о том, что начала функционировать платформа проекта по ранней профориентации учащихся 6-11-х классов общеобразовательных организаций «Билет в будущее» после завершения обновления.**

По информации ведомства, платформа работает в рамках реализации нацпроекта «Образование» с 2018 года с целью оказания помощи подрастающему поколению в выборе будущей профессии. В рамках проекта осуществляются онлайн-диагностика, профориентационные мероприятия, индивидуальные рекомендации, которые будут даны каждому участнику.

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.